# “Биз бир болсаќ-бир халыќбыз, бирлессек-ўатанбыз!” идеясы тийкарында өткерилетуғын “Мәнаўият марафоны”

Өзбекстан Республикасы Президенти Администрациясының 2023-жыл 30-октябрдеги 02/5–2288-санлы ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2023-жыл 2-ноябрьдеги 01-08/10-11/483-санлы мәжилис баяннамаларында Қарақалпақстан Республикасында **“Биз бир болсақ-бир халықбыз, бирлессек-ўатанбыз!”** идеясы тийкарында **“Мәнаўият марафоны”** нжоқарыда дәрежеде өткериў белгиленген.

Жоқарыдағылардан келип шығып, усы жылдың 10-ноябрь күни Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында **“Мәнаўият марафоны”** на старт берилди.

Онда кең жәмийетшилик, жоқары оқыў орынларының профессор оқытыўшылары, студент жаслары, мектеп оқыўшылары ҳәм де “Мәрифат” үгит-нәсиятшылар жәмийетиниң ағзалары, ғалаба хабар қурал ўәкиллери белсене қатнасты.

Сахнада **“Биз бир болсақ-бир халықбыз, бирлессек-ўатанбыз!”, “Мәнаўият марафоны”, “Жаңа турмыс ушын, Жаңа Өзбекстан ушын”**атлы сүренлержазылған баннерлар илдирилип,үлкен LED экранынларында **“Мәнаўият марофоны” на хош келипсиз!”**,**“Жаңа Өзбекстан”** видеоролиги ҳәм де жаслар сиясатында байланыслы реформалар нәтийжелери кең сәўлелендирилген видеороликлер қойылды.

**“Мәнаўият марафоны”** ның ашылыў мәресиминде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрманов, Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайы Қарақалпақстан бөлими баслығы Т.Атамуратов, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўкамы баслығы, Өзбекстан халық жазыўшысы К.Каримов, Қарақалпақстан Республикасы Жаслар агентлигиниң

басшысы П.Мақсетбаев ҳәм де Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты ректоры ў.ў.а. Қ.Қадировлар қатнасты ҳәм шығып сөйледи.

Илаж өткерилетуғын орны миллий салт дәстүрлер, үрп-әдетлер сәўлелендирилген көргизбелер, китап ярмаркалары, ғәрезсизлигимиз идеясы менен суўгарылған көргизбели стендлер менен безетилген.

Усылар менен бир қатарда, миллий өнерментшилик көргизбелериде шөлкемлестирилди.

Бүгинги өткерилген көпшилик илажларымыздың тийкарғы мақсети- жасларға елимизде жүргизилип атырған реформалар, қолға киргизилген жетискенликлер ҳаққында кең түрде мағлыўматлар берип барыў, оларда Ўатанға муҳаббат, халқымызға садықлығын және де арттырыў, тәрбиясына унамсыз тәсир етиўши идеялық қәўиплерге қарсы иммунитетин беккемлеўге қаратылды.

Барлық министрлик, мәкеме, шөлкем, кәрханаларда, қала ҳәм районларда ҳәм де оқыў орынларында китапқумарлықты кең түрде үгит-нәсиятлаў мақсетинде **“Китап-мениң ең жақын достым”** ( **“Китоб – менинг энг яқин дўстим”) сүрени астында “Инсан китап пенен, китап инсан менен тири” (“Инсон китоб билан, китоб инсон билан тирик”)** атамасындапавильон ҳәм де китап көргизбелери, **“Ассалаўма әлейкум” (“Ассалому алайкум”)** жойбары тийкарындамектепке шегемги билимлендириў

мәкемелеринде сәлемлесиў әдеби, әдеп-икрамлылық бойынша тәрбиялық интерактив ойынлары, **“Сәлемди умытыў-өзликти умытыў”** (“Саломни унутиш — ўзликни унутиш”) атамасында студент жаслар арасында сәўбетлесиўлер, **“Анамдай мийирбан Ўатан” (“Онамдайин меҳрибон Ватан”)** жойбары шеңберинде, Ана-Ўатанға бағышланған қосықлар  әдебий көркем оқылды.

**“Өзбекстан-мениң Ўатаным!” (“Ўзбекистон – менинг Ватаним!)** темасындаоқыўшылар ортасында баян жазыў таңлаўы, сондай-ақ, **“Миллий кийимлеримиз-миллетимиз безеги” (“Миллий либосимиз-миллатимиз безаги**”) дизайнерлердиң көргизбели шығыўы, **“Спорт-тынышлық елшиси”** атамасында спорт жарыслары, көркем әдебий кешелер, концерт бағдарламалары шөлкемлестирилди. **“Мәнаўий саяхат”** жойбарында мектеп оқыўшылары музей-театрларға барып, эстетикалық заўықланды.